



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D
Biwo Sipèntandan an



12 Mas 2020

Bonjou Fanmi ak Anplwaye nou yo,

Sante, sekirite, ak byennèt lekòl nan kominote nou an se pi gwo priyorite Konsèy Depatman Edikasyon an, administrasyon, fakilte ak anplwaye nan distri Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Distri a gen règleman an plas pou adrese byennèt tout elèv ak anplwaye yo. Règleman 8451 an adrese Kontwòl Maladi Kontajye yo. Kòm yon distri, nou ap siveye siyal ki soti yo nan Depatman Edikasyon New Jersey a, Depatman Sante New Jersey, ak Sant pou Kontwòl Maladi yo. Mèkredi 11 mas 2020 an, distri a te fèmen kòm pou yon mezi prevantif, ak nan liy ak konsèy Depatman Edikasyon New Jersey a kote nou te fè yon gwo tonton netwayaj nan tout bilding yo ki nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange yo. Jan sa endike nan lèt orijinal mwen an, 4 Mas 2020 an, nou pito pwaktif pase nou reaktif.

Vandredi, 13 mas 2020, n'ap ranvwaye lekòl distri a bonè pou **ELÈV YO SÈLMAN** a 12:30 PM, konsa anplwaye/pwofesè yo ka planifye kòm sadwa si nou ta dwe fèmen pou yon peryòd tan ki ta pi long nan ka ke Depatman Sante New Jersey oswa Depatman Sante Konte a ta rekòmande pou fèmen lekòl la. Sa se **PA** yon endikasyon ke nou ap fèmen lekòl, men li nesèsè pou nou fè tout aranjman posib pou nou bay timoun yo yon eksperyans edikatif optimal swivan bezwen moman an.

Mwen vle ba ou kèk detay konsa tout pati yo ka byen enbi sous a ki gen rapò ak fèmen pòt lekòl yo konsènan gwo netwaye konplè ke te reyalize Mèkredi 11 Mas 2020 an. Nan ka ke Konsèy Depatman Edikasyon ta bay yon direktiv alekri swa pa NJDOH a oswa pa Ofisye Sante nan Jiridiksyon an pou rekòmande yon fèmte ki gen rapò ak sante piblik, Konsèy Depatman Edikasyon kapab bay enstriksyon lakay pou asire sèvis ansèyman pou elèv ki anwole yo. Pwovizyon pou sèvis enstriksyon lakay yo ta dwe gide pa règleman N.J.A.C. 6A: 16-10.1 an epi li ka gen ladan sèvis dirèk, enstriksyon sou entènèt, oswa nenpòt lòt mwayen distri a devlope pou satisfè bezwen elèv li yo. Nenpòt ki jou kote elèv ki afekte nan yon fèmte ki gen rapò ak sante piblik yo gen aksè a sèvis enstriksyon lakay yo bay ki ale nan menm sans avèk konsèy ki nan memo sa a, y'ap konte'l kòm yon jou lekòl ke Konsèy Depatman Edikasyon an te itilize pou bay enstriksyon nan lekòl piblik yo konfòmman ak règleman egzijans 180- jou yo an akò avèk Lwa NJSA 18A: 7F-9 la. Objektif Vandredi 13 Mas la se mete veyikil an plas pou asire ke aprantisaj kontinyèl epi egzijans 180-Jou yo pa konpwomèt.

Anplis de sa, distri a ankouraje lave men souvan pou elèv ak anplwaye yo ak kontinye konseye pou moun ki malad pou yo rete lakay. Jan CDC rekòmande a, pote mask nan figi se pa yon mezi pwoteksyon, men li bon pou yo itilize'l pou moun ki malad oswa ki gen sentòm yo. Tanpri, pa voye pitit ou a nan lekòl avèk yon mask. Si pitit ou a vini nan lekòl la avèk yon mask nan figi li, n'ap asime ke li malad epi n'ap kontakte ou pou pran pitit ou a imedyatman.



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D
Biwo Sipèntandan an



Koronaviris la (COVID-19) se yon maladi respiratwa ki ka gaye de yon moun a yon lòt. Sentòm yo ka soti nan modere pou vin nan pi grav, tankou yon fred, ki gen ladann etènne, konjesyon, gratèl, ak lafyè. Pi bon fason pou anpeche KOVID-19 la, ak grip la se nan pran mezi prevantif. Nou mande ke ou kapab ede nou nan mezi pwoaktif sa yoki anba a konsènan sityasyon an pou nou kapab kontinye asire sante ak sekirite:

- **Evite touche nen ou, bouch ou, ak je ou otan ke posib**
- **Kouvri tous ou ak etènne ou avèk yon tisi oswa koud bra ou, men se pa avèk men ou**
- **Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Sèvi ak yon dezenfektan men ki gen alkòl omwen 60% alkòl si savon an ak dlo a pa disponib (savon ak dlo se mezi ke yo rekòmande)**
- **Evite kontak ak moun ki malad**
- **Ale pran pitit ou a nan lespas 30 minit si yo jije ke li malad tankou jan enfimye lekòl la espesifye'l**
- **Rapòte bay lekòl la si ou planifye pou vwayaje aletranje panda plizyè pwochen mwa k'ap vini yo (sa ka pèmèt nou kòm yon distri pou nou kapab pwoaktif olye ke nou reyaktif)**

Mwen vle di ou mèsè pou sipò kontinyèl ou nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange. Ankò, nou pran angajman pou pwoteje sante ak sekirite tout moun nan kominote a ki antre nan pòt nou yo. Sou sit entènèt Distri a (www.orange.k12.nj.us), nou afiche (Anba Nouvèl ak Anons Distri a) enfòmasyon ki pi resan ki gen rapò ak Koronaviris la ansanm ak mezi prevantif yo. Nou pral kontinye mete ajou sit entènèt distri a kòm sadwa tou otan ke nou gen plis enfòmasyon k'ap vini disponib.

Pou plis enfòmasyon, nou ankouraje w vizite Sit Entènèt/Wèb Depatman Sante New Jersey a:
https://www.state.nj.health/ed/topics/covid2019_resources.shtml

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo